ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ПЛЬЫЗ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№127 (21.535) ● 2009 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 9, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Тэзырхэр ящхьэщыхьыным теуухуауэ щыIэ комиссэм и Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2002 гъэм мазаем и 11-м къыдигъэкIа Указ №11-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Тэзырхэр ящхьэщыхьым теуухуауэ щыIэ комиссэм и Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2002 гъэм мазаем и 11-м къыдигъэкIа Указ №11-мкIэ къащтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) II Iыхьэм и етIуанэ абзацыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъын:

«ягъэтIысахэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм и Iуэхущ Iа Iэхэм тезырыр щэзыхьэкIхэм, ягъэтIысахэу, следственнэ изоляторхэм щалыгъэхэм, следствэ Iуэхухэм е следствэ зэхэгъэкIыныгъэхэм хэтыну къаращэлIахэм, къищынэмыщIауэ судым хуигъэува тезырыр зыгъэзэщIахэмрэ щхьэщамыхэ судыщIэ зытелъхэмрэ я тезырыр яхуэгъэгъуным ехьэлIауэ лъэIуэхэм пасэу хэлъэныр;»;

б) IV Iыхьэм и яп абзацыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъын:

«Уголовнэ щIэпхъаджагъэ зэралажьам къыхэкIыу ягъэтIыса цIыхухэм, къищынэмыщIауэ, судым хуигъэува тезырыр зыгъэзэщIахэмрэ щхьэщамыхэ судыщIэ зытелъ цIыхухэмрэ тезырыр яхуэгъэгъуным ехьэлIауэ лъэIуэм Комиссэр зэрыхэлъыр Урысей Федерацэм и Президентым и Указым ипкъ иткIэщ.».

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№90-УП

● Дыгъуасэ

Ныбжьыщ Iэхэм Къанокъуэ ФатIимэ йохьуэхьу.

Махуэшхуэр 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м ягъэуваш икIи УФ-м и Президентым и щхьэгъусэ Медведевэ Светланэ и нэIэм шIэту йокIуэкI. Дыгъуасэ ар Iэтауэ щагъэлъэпIащ Налшык къалэ дэт Нэчыхьхэр щатх уардзэунэм.

Насып, лъагъуныгъэ зэи фыщымыщIэну!

МАХУЭШХУЭР зыгъэлъапIэхэм ехьуэхьун папщIэ абы зыкъраГъэхьэлIащ КЪБР-м и Президентым и щхьэгъусэ **Къанокъуэ ФатIимэ**, Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Дыщэкl Мадинэ**, Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**, Налшык къалэ округым и щыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэгъэс Залымджэрий** сымэ, нэгъуэщIхэмэ.

ГуфIэгъуэ зэхьихьэр иригъэкIуэкIащ Нэчыхьхэр щатх унэм и унафэщI **Шэру Валентинэ**. Абы яп псалъэр зыльитIуэса Къанокъуэ ФатIимэ жиIащ:

- Унагъуэм, лъагъуныгъэм, пэжыгъэм и махуэ лъапIэр зыгъэлъапIэ дэтхэнэми гуапэу сыныводахьу жаIэу. Мы гъащIэм псэгъу щызэхуэхьуну мурад зыщIа щIалэгъуалэри насыпыфIэу к ы ы з э д е к I у э к I нэхъыжьыфIхэри кьыззэревгъэлIэгъар нобэрей махуэр зэрывгъэлъапIэм и нэщэнэ дахэщ. Быдэу си фIэщ мэхъу фи яку дэль зэгурыIуэныгъэр сыт щыгъуи нэхъ куу, нэхъ быдэ хьуэрэ зэрыкIуэтэнур. Къэрал дэIепыкъуныгъэми мыхьэнэшхуэ иIэщ. УнагъащIэхэр даIыгъыным теухуауэ ди республикэм Iуэху щхьэпэ куэд щокIуэкI, ахэр нэхъыбэжки хьунущ. Насып, лъагъуныгъэ, гуфIэгъуэ фыщымыщIэну си гуапэщ!

«Налкъутналмэс», «дыщэ», «абдж», «пхъэ» хьэгъуэлIыгъуэр зыгъэлъапIэхэм хъуэхъу щхьэхуэхэр лъагэсащ. Шэру Валентинэ кIэщIу тепсэлъыхьащIа гъащIэшхуэ кьыздэзыгъэщIа зэщхьэгъуэсхэм. Абы хэм кьадэкIуэу, ныбжьыщIэ 16-м я нэчыхьыр дыгъуасэ ятхащ.

Кьызэхуэсахэм я нэгу зраГъэужьу, я гукъыдэжкIр кьаIэту утыкур ягъэбжьыфIащ уэрэджьIакIуэхэу Нэхущ Чэрим, Текуев Амур, «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым щыщхэу Къуэныкъуейхэ Алимрэ Иринэрэ, «Каллисто» гупым щыщхэм.

ГуфIэгъуэ махуэм и щыхькIэ уэгум ираутIыпщхьащ удз гъэГъа тепIъэ иIэу зи нэз къэзыкIуэхьэр метритху хьу шар зэщIэблахэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр
Iэхъуэбэч Илья *трихащ.*

Чэлимэт Хьэбас Тальостэн и къуэм и депутат къалэнхэр и пIальэр къэмысу щхьэщыхьыным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Iуэхуки Iэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4 статьям и пункт «е»-м и яп Iыхьэм ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ щIи:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Чэлимэт Хьэбас Тальостэн и къуэм, «Урысей Федерацэм и коммунист партI» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэм кьыбгъэдэкIыу хахам, и къалэнхэр и пIальэр къэмысу 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м кьыщыщIэдзауэ щхьэщыхауэ кьэлытIэн зэрыпIам кьыхэкIыу.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I
ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№100-П-П

«G 8»-р Аквилэ къалэм щокIуэкI

Италием и Аквилэ къалэм дыгъуасэ къыщызэIуахащ «G 8» зыфIащащ саммитыр.

Абы щызэIуащIащ къэрал нэхъ лъэрыгъэхьэу 8-м я президентхэр. Ахэр хэпльащ дунейпсо финанс кризисым пэщIэтыным. КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэм щыIэ къаугъэр гъэзэкIуэжыным, Иранымрэ КНДР-мрэ я ядернэ программэхэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм. Урысей Федерацэм абы къыщигъэлъэгъуащ и Iуэху еплъыкIэхэр икIи жэрдэм пыуухьакIахэр къыщыхилъхьащ.

Мы гъэм и мэлыжьыхьым хуэдэу, Аквилэ иджыри щIыр щыхъеинкIэ Италием и унафэщIхэр ноби тогуэвыхь. ИтIани, саммитыр а къалэм щрагъэкIуэкIыну мурад ящIащ, антиглобалистхэм нэхъ тыншу зыщIахьумэн папщIэ. А зэIущIэр зэрекIуэкIым и щIыпIэ гъэ къэс цIыху минипщI бжьыгъэхэр зэхуос. Псалъэм папщIэ, 2001 гъэм Италием и Генуе къалэм а зэIущIэр щекIуэкIам, антиглобалисту цIыху мини 120-рэ зэхуэсат.

Ахэр полицэм пэуври, зы цIыху хэкIуэдат, цIыху 200 уIэгъэ хъуат, щэ бжьгъэхэр яГъэтIысат.

Мы гъэми «G 8» зэIущIэр зымыдэхэр щыIэхуэсащ Рим. Абы и уэрамхэм махуэ зыбжанэ хъуауэ пэгъэкIуэкIыну щокIуэкI.

Итlани увыIэркъым

Куржым и вице-премьер Якобашвили Темур РИА «Новости» хъыбарегъащIэ агентствэм зэрыжриIамкIэ, пIалъэ кIэщIым къриубыдэу къэралым щыпсэу щIыхуэхэр щыгъуэзэ ящIыныуи 2008 гъэм и щыщIыхьIум Осетие Ипщэм щекIуэкIа зауэм къызэрыхъеям, ар зэрекIуэкIам теухуауэ Правительствэм игъэхьэзырам.

«Ар Куржым и Парламент комиссэм игъэхьэзырам къыщыхьощкI», - жиIэ Якобашвили.

Парламент комиссэм а зауэм и Iуэхур 2008 гъэм и кIэм зэхигъэкIри, напэкIуэцI 200 хъуэу къэралым щыпсэу цIыхуэхэм я пащхьэ ирилъхьат. Абы псомкIи игъэкъуэншат Урысейр.

Урысейм а зауэм пыщIа Iуэху псомкIи игъэкъуэншэр Куржыраш. 2008 гъэм щыщIыхьIум и 8-м ар теуащ Осетие Ипщэм, Цхинвал зэтрикъутащ, цIыху куэд хэкIуэдащ. Ар зэтрIигъэувыIэн мурадкIэ, Урысейм къилъытащ Осетие Ипщэмрэ Абхазыбымрэ къэрал щхьэхуиту.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 9, *махуэку*

♦ Аргентинэ Республикэм и пIэлткъ гуфIэгъуэщ:1816 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистКа, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, «Ника» саугъэтыр къызыхуагъэфэща Ахьуэджанэ IуэлIпе къыщалъхуа махуэщ.

♦ Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 33-м, къуэджьынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 49-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 16-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 10, *мэрем*

♦ 1709 гъэм Урыс армэр, пащтыхь Петр Iэзанэ и унафэщIу, шведхэм Полтавэ дэж щытекIуащ. «**Урысейм и зауэлI щIыхьымрэ фэеплъхэмрэ я махуэхэр**» Федерал законым ипкъ иткIэ ягъэлапIэ.

♦ Багдад ХьатIыгуэм я лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1973 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

♦ 1771 гъэм Тавридэ Уэсмэн пащтыхьыгъуэм къыгуагъэкIыжащ Кафэ (Феодосиэ) щхьэхуит щыхъужа. н.ж. Кърымыр Тырку залымым щыIэщIэкIа махуэщ.

♦ ИльэсИ 180-рэ и пэ (жьымIэщ къызэрабжьир) Урысейм и яп щIэныгъэ экспедицэм хэт адыгэлI Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ и щыгум япэу дэкIуеиащ. Урысейм и альпинизмэр къыщыунэхуа махуэщ.

♦ 1918 гъэм Советхэм я V Урысейпсо съездым РСФСР-м и Конституцэр япэ Советыр Конституцэр кьищтащ.

♦ Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 34-м, къуэджьынущ сы-хьэт 20-рэ дакъикъэ 49-м.

♦ Махуэм и кIыхьагъщ сы-хьэт 15-рэ дакъикъэ 15-рэ.

Пэлапсэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и къэбзэныгъэм щыIэ комиссэм и Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2002 гъэм мазаем и 11-м къыдигъэкIа Указ №11-мкIэ къащтам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхуки Iэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж Тэзырхэр ящхьэщыхьым теуухуауэ щыIэ комиссэм и Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2002 гъэм мазаем и 11-м къыдигъэкIа Указ №11-мкIэ къащтам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) II Iыхьэм и етIуанэ абзацыр мы къыкIэлъыкIуэм хуэдэу къэхъын:

«ягъэтIысахэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыIэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм и Iуэхущ Iа Iэхэм тезырыр щэзыхьэкIхэм, ягъэтIысахэу, следственнэ изоляторхэм щалыгъэхэм, следствэ Iуэхухэм е следствэ зэхэгъэкIыныгъэхэм хэтыну къаращэлIахэм, къищынэмыщIауэ судым хуигъэува тезырыр зыгъэзэщIахэмрэ щхьэщамыхэ судыщIэ зытелъ цIыхухэмрэ тезырыр яхуэгъэгъуным ехьэлIауэ лъэIуэм Комиссэр зэрыхэлъыр Урысей Федерацэм и Президентым и Указым ипкъ иткIэщ.».

2. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м
№90-УП

●Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КъБР-м и гъэзэщIакIуэ властым щыщхэм я хэхъуэхэр къагъэлъэгъуэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым властым и федерал Iуэхущ Iапl эу республикэм и щIыналъэм щыIэхэм я унафэщIхэм, министрхэм, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэм чэнджэщ яритащ 2008 гъэм яIа хэхъуэхэм я декларацэхэр мазэ пIалъэм кьриубыдэу газетхэм кьытрадзэну.

Къанокъуэ Арсен къызэридлыитэмкIэ, абы властым нэхъ зэIуха, зэхэщIыкIыгъуэ ищIынуц, цIыхухэри арэзы техъуэнущ.

- Зыри згъэщынэну сыхэткъым, ауэ гу лъыввэгъэтэну сыхуейт налог инспекцэм псори къызэрипщытэнур. Сэри абыхэм щыгъуазэ зыхуэсщIынущ, - жиIащ Президентым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Къанокъуэ Арсен езым и хэхъуэхэм я декларацэр иджыблагъэ къытригъэдзащ. Абы фыкъыщыдж хьунущ www.president-kbr.ru сайтым.

●Хъыбар гуапэ

ТекIуахэр ягъэлъапIэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Дыщэкl Мадинэ и жэрдэмкIэ республикэм Хьыбарегъащ Iэ Iэнатl эхэмкIэ, щIыхьэ зэгъуэныгъэхэм ядэлэжьэныгъэ щIалэгъуалэ Iуэхухэмкl э и министерствэм щагъэлъэпIащ «Си къэрал - си Урысей» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр.

МОСКВА щагъэлъэгъуащ Урысейм и щIыналъэхэм ягъэтIысхьэ хуей зыужьыныгъэр щIалэгъуалэм кьаззрыщIхьэм теухуа проект 6000. Къэбэрдей-Балъкъэрыр а зэпеуэм лъжьыгъэ 13-кIэ хэуващ. А зэхьэзэхуэм дыщэ медалрэ щIыхь тхьыгъэ кьыщыхъуагъэфэщащ «Квадро» компанием и лэжьакIуэ Золотухинэ Ксение. Абы и лэжьыгъэр теухуат щIалэгъуалэм Iэнатl э ягъуэтыным. Дыжьын медалыр экономист ныбжьыщIэ, аспирант Мыщхъуэжь Аминэ кьаратащ, энергие кьыхэкIыпIэщIэхэр къэгъэсэбэныным теуху кьэхутэныгъэхэм папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр лъагэу зыIэта пщащэхэр Къ БР-м хьыбарегъащIэ Iэнатl э хэмкIэ, цIыхубэ зэгъуэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэгъуалэ Iуэхухэмкl э и министр Пащты Борис иригъэблэгъащ икIи ныбжьыщIэхэм ехьуэхьуащ ехьуIэнэгъэ куэд дяпэкIи кьахьыну. Абыхэм министерствэм и щIыхь тхьылъхэмрэ саугъэтхэмрэ ираташ. ГуфIэгъуэ зэIущIэм кьыдэкIуэу, ирагъэкIуэжа пресс-конференцым Золотухинэ Ксенерэ Мыщхъуэжь Аминэрэ журналистхэм я упщIэхэм жэуап щратащ икIи тепсэлъыхьахэщ республикэм зиужьыным теухуауэ адэкIэ яIэ мурадхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Кьухьэпl э лъэнкъхэм гъэзджэхэмкIэ я къэрал музейм щагъэлъагъуэ КъБР-м и щIыхьэ суэрэтыщI Сэвкl уий Хьэмид и лэжьыгъэхэр.

АБы зыкъРАГЪЭХЬЭПIАЩ суэрэтыщI щIэрыIуэм и ныбжьыгъуэхэм, Москва дэс и лъахэхъуэм. Апхуэдэу КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и хъуэхъу тхыгъэми гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлIаIэр щагъэгъуэзащ: «Уэ пхуэзфIэкIащ теплъэгъуэ къэбгъэщIэн. Уи Iэдакъэ- щIэкIэм кьытхуэзIуах гуфIэгъуэкIи гуэзвэгъуэжIи гъэщIа дунейр, лъэпкъ-хэм я щэнхабзэмкIэ гъэ-бея», - щыжиIэ Президентым и хъуэхъум.

ЗэIущIэм щагъэлъэгъуащ

●Гъуэзджэ

СэвкIуий Хьэмид и лэжьыгъэхэр Москва щагъэлъагъуэ

иужьрей илъэситIым СэвкIуийм ищIа лэжьыгъуэ щэм нэс, живописи, скульптурэри, графикэри кьызэщIиубыдэу. Мы проектыр КъухьэпIэ лъэпкъхэм гъэзджэхэмкIэ я къэрал музейм папщIэ кьызэрагъэпэщащ икIи мыбы щагъэлъэ- гъуар зытеухуар адыгэхэм я тхыдэмэ абыхэм я щыIэкIэ-псэукIэмрэ щ. Гъэлъэгъуэныгъэм и курыхьу хуэдожникым игъэгар илъэс кIуам итха «Дыуэ» жьыхуиIэ триптихырц.

Мыр СэвкIуий Хьэмид и етIуанэ гъэлъэгъуэныгъэщ, япэ илъэс зыбжанэ и пэкIэ щекIуэкIащ Хуэдожникхэм я унэм. Москва и Iэдакъэщ Iэкl эр щигъэлъэгъуэну СэвкIуийр езыгъэблэгъар КъухьэпIэ лъэпкъхэм гъэзджэхэмкIэ я къэрал музейм и унафэщI Седов Александрщ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапl э.

Анэ капиталыр къагъэсэбэп

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и унагъуэ 25-м иджыблагъэ яГорыхьащ анэ капиталым къыхэхI зыуэ ят пособиер сом мин 12 зырызыр.***

ЩIЫПIЭ пенсэ фондым лъэIу тхыпIъэр щIалъхьа нэужь, унагъуэхэм я анэ капиталым кьыхэкI сом мин 12 пособиер щIыхуэхэм ираташ. Абы и лъэныкъуэкIэ унагъуэ 25-м зыкъыхуагъэзащ. Апхуэдэ хунтыныгъэхэри яIэщ анэ капиталр псэупIэ кредитым пэзыгъэкIыхаэмэ.

ХьэрычэтыщIэм зрагъэужь

АДЫГЕЙ. ***Хьэрычэтыщ Iэ дыкIуэмрэ курытымрэ дэIыгъыныкIэ щыIэ федерал программэм ипкъ иткIэ, республикэм грантхэр зэрагъэгъуэтащ. Iуэхуэ щыщ Iыхьэ республикэм хуитащ ныбжьыщ.***

ДЫЗЭРЫТ илъэсым екIуэкIа зэхъэзэхуэм ипкъ иткIэ, федерал грантхэр зэтрагъэхьащ хьэрычэтыщIэ 72-м. Республикэм абыкIэ щIэ фондым сом мелуан 41-рэ мэхъу. 2009 гъэм Iуэхутхьэбзэ хуэныкъуэ бизнесмен 98-м сом мелуан 22,2-рэ къагъэсэбэпащ.

Ахъшэр хуапшыныж

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр кьызэзыгъэпэща Iуэхущ Iапl эм я Iуэхум трагъэкIуэда ахъшэм щыщ Iыхьэ республикэм хуитащ ныбжьыщ.

ФИНАНС дэIепыкъуныгъэр хуэгъэзащ сабийхэм зыщIагъэпсэху щыпIэхэм дезатизацэ, дезинфекцэ, дезинсекцэ, мафIэсым щызыхьумэ Iуэхугъуэхэр езыгъэкIуэкIа Iуэхущ Iапl эхэм. Абы трагъэкIуэда ахъшэм и процент 80-р хуапшыныжынущ, ауэ дэIепыкъуныгъэр сом мин 50-м щIрагъэгъуныкъым. А мыпкъыр республикэ бюджетым кьыхэкIынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Тхылъыщ Iэхэр

Ислъам и Кавказыр

Чех Республикэм и къалащхьэ Прагэ иджыблагъэ къыщыдэкIащ социолог, журналист ныбжьыщIэ, Чехым щыIэ «MEDIUM-ORIENT» хъыбарегъащIэ агентствэм и унафэщI Текl ушэ Iслъам и повесть «Кавказская пасторал» зыфIищар.

АР АБы и яп художественнэ тхыгъэщ. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIи, и сабиигъуэм епха гукъэкIыж Iэфl эхэрщ кьытхуиIуатэр. ГушыIэкIэ гъэнщIа повестым, бзэ тыншкIэ тхам щIалэгъуалэр кьатемыхьэлъэу еджну кьыщIэкIынщ.

Текl ушэ Iслъам и тхыгъэ куэд триухуащ Кавказ Ищхьэрэм. «Северный Кавказ: взгляд изнутри», «Северный Кавказ в год выборов» тхылъхэр къыдигъэкIащ. Кавказ Ищхьэрэр мы зэманым зыхуэдэм европей кьэралыгъуэхэр щыгъэгъуэзэнымкIэ мыхьэнэ ин яIэщ езы Текl ушэр зи унафэщI «Арбат News» тхьэмахуэ радионэтынхэмрэ «Caucasus Times» хъыбарегъащIэ агентствэмрэ яГъэхьэзыр нэтынхэмэ.

Зы 1000 хъуэу дунейм кьытехьа «Кавказская пасторал» тхылъым и щIыналъэм гъунэгъу ухуещI, куэдыр щыщымыгъуазэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зы къуажэм щытепщэ хабзэхэр, цIыхухэм я зэхущытыкIэр уи нэгу кьыщIегъэхьэ.

Тхылъыр сурэтхэмкIэ зыгъэщIэрэщIэжар езы Ислъамщ. Редактор лэжьыгъэр зыщIар Текl ушэ Ислъам и анэ, республикэм фIыуэ къыщацIыху телевизионнэ журналист Ало Ларисэщ. «Кавказская пасторал» повестыр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIауэ къыдэкIынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.



Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Зи Iэгу нэщIым и нэгу щIыIэщ.

Журналистикэр къыхах

●Гъуэгу къежьапIэ

Иджыблагъэ Владикавказ къалэм щекIуэкIащ ЮНИСЕФ-м и лъыхъуэ ныбжьыщIэхэм я зэхуэс. Ар къызэрагъэпэщат кино гъуэгджэм дихьэх сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ядэлажьэ «Бумеранг» Iуэхущ Iапl эм.

ЗэIущIэм кьекIуэлIащ кинематографиемрэ журналистикэмрэ зи гъащIэр езыпхыну хуей ныбжьыщIи 130-рэ, Дагыстэн, Iнгушэ, Шэшэн, Осетие Ищхьэрэ-Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Мэзкъу, Урысейм и нэгъуэщI къалэшхуэхэм щыщу. КъБР-м икIа-уэ абы щыIащ Бахьсэн къалэ Сабий творчествэмкIэ и центрым и егъэджакIуэхэу Бжьыней Каринэрэ Хьэнэ Аленэрэ. Мы тIур журналист ныбжьыщIэхэм я зэпеуэу КъБР-м щекIуэкIам хэт ат. увыпIэфIи кьыщахьат. Зэ хэсми ах зэ жьыджэру хэтащ къальытащ.

Слетым къриубыдэу журналист ныбжьыщIэхэр щыгъуазэ ящIащ хъыбарыщIэхэр, тхылъхэр зэрагъэхьэзыр щыкIэм, кинофильмхэр зэрызэхэтхэрэр, суэрэтехым нэхъыщхьэу «къарагъэбыдын» хуейхэм, соцпроектхэр зэрыгъэхьэзырыпхъэм кIэлъагъэпльащ. КIэщIу жьпIэмэ, журналистикэм и щэху куэдым гу лърагъэтащ.

Семинархэм, мастер-классхэм зэрыхэтам нэмыщI, ныбжьыщIэхэр Осетие Ищхьэрэ-Алание и щыпIэ дахэхэм кьыщрашэкIащ, я нэгу зрагъэужьащ.

Зэхуэсым хэтахэр я Iуэху еплъыкIэхэмкIи зэдэгугъэшауэ, ныбжьэгъуэ зэхуэхьуауэ, сурэт куэди зытрагъэхауэ зэбгрыкIыжащ. Владикавказ щагъэкIуа махуэхэр абыхэм гуапэу яГу кьыз зэрагъэкIыжынум шэч хэлъкъым. Ар я нэгум ильтагъуэрт ныбжьыщIэхэм.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

● УпщIэхэмрэ жэуапхэмрэ

Дапщэщ дунейр щыкъутэжынур?

Анэл цIыкIу си нэкIым тепщи, сыхуейт кьыхезгъэхьыну. Сыт хуэдэ IэщIагъэлIра абы теухуау зыщыхуэзгъэнахьэр?

Марие, *Ивановэ*

УпщIэм жэуап кьрет дохутыр цIэрыIуэ **Яшин Владимир:**

- АНЭЛ цIыкIухэр куэдым ятетщ, зыкIи зэран кьахэзымыхьуу, уеблэмэ нэхъ лъагъуГуафIэ щIэхъуКIыу. Анэлхэм я нэхъыбэр щынагъуэкъым, цIыхум и фэр дыгъэбзий гуащIэм щызыхьумэ меланин хущхъуэр зыхэлIыщ. Ауэ анэл пIащхэм къащыхэкI щыIэщ «пластическэ» жьыуаIэхэр, дыгъэбзийр зэран зыхуэхъуэхэр, узыфэ Iей кьызыхэкIыр. Апхуэдэхэр кьыхебгъэхын щхьэкIэ апэщыкIэ дохутыр-онкологым уечэнджэщыпхьэщ.

Си улахуэр кьызатащ... хьжьыгъэ. Ар хабзэм еэзгъэр?

Юшков Л., *Нижегородскэ область*

Рострудым и правовой къудамэм и унафэщI **Анохин Алексей** жеIэ:

- ИЛЪЭСIэджэ апэкIэ зэхалъхьагъа кьэрал хабзэхэм ящыщ зым кьызэрыгъэзыжмкIэ, цIыхум и улахуэм и процент 20-р (дэжьакIуэм и арэзыныгъэ хэлъмэ) хьэпшыпу е ерыскъыпхъэу ент хъунущ. А хабзэр кризисым и зэранкIэ унафэщI языныкъуэхэм ди зэманми кьагъэсэбэн хъуащ. УФ-м и Гъэкъыгъэ кодексым зэрыжиIэмкIэ, улахуэр хьэпшыпкIэ е ерыскъыпхъэкIэ нты щыхьунур а Iуэхум дэжьакIуэр арэзы зэрыхетхъэжкIэ щыхьэт тхъилъ щыIэмэщ. ЗалымыгъэкIэ щIыхум еэыр зыхуэмей гуэрхэр (уназышIэ, щыгъын-лъагъын, фадэхэкI хуэдизкIэ) лыбгъэнщ хабзэншагъэщ. АбыкIэ уи жагъуэ къэзыщIа унафэщIым хуэфащэ тезыр кьытралъхьэну ухуеймэ, IэжьыгъэмкIэ щыпIэ инспекцэм щылъхьэсуакI.

Зызыкъыжьауэ щыта уеакIуэ Цветаевэ Маринэ и фешлыр мы зэманым члисхэм щагъэлIапIэ, хьэдагъэшхэхэр щыхуащIыр. Ар диным къеэзгъэр? Зызыкъыжьауэ гуэныкъыпхъэ зыщIаэм ящыщкъэ?

Гуськов Э., *Москва*

ЦВЕТАЕВЭ Маринэ и цIэр зезыхьэу Москва дэт музейм и унафэщI Красовскэ Эфирь кьызэрыджИамкIэ, 1991 гъэ лъапIэрэ усакIуэм фэепIэ пIкIу щыхуэщIа ар дунейм щеIэжьа махуэм (щыщхъуэ и 31-м). Гуауэ дауэдапщэхэр мы гъэм дахынщ «Благосвет» ансамблым и уэрэджыIаКIуэхэм.

Иджыблагъэ Японием и правительствэр кьэрал саугъэткIэ кьыхуэупсащ ди хкъуэгъ тхакIуэ Акиян Борис. Абы кьыщыдгэмыщIауэ, хэт сымэ кьыхьлагъэса хамэ кьэралхэм я дамыгъ льапIэхэр?

Титов Д., *Липецк*

ЯПОНИЕМи орден нэхъыщхьэр («Дыгъэ къыщIэкIыр» зи фIэщыгъэр) кьаратащ дирижер Гергиев Валерий, мультипликатор Норштейн Юрий, Эрмитажым и унафэщI Пиотровский Михаил, МГУ-м и ректор Садовничий Виктор, режиссер Любимов Юрий сымэ. Великобританием и дамыгъэ нэхъ льапIэ дыдэр кьыльагъэсащ актер Ливанов Василий, Куба и тыгъэ гъуэгъэджэр («Зиусхэн уэрэд» орденыр) зэрехьэ Пьехэ Эдитэ, Франджым и орден льапIэр («Почетнэ легионыр») кьратыгъащ Росстропович Мстислав, Вишневскэ Галинэ, Плисецкэ Майе, Спиваков Владимир, изгъэущI зыбжанэмэ (абыхэм яхэтщ Хэку зауэшхэм лIыхьужьыгъэ кьыщызыгъэдыгъуа ди лъэпкъэгъу адыгэхэу Хьэгъундокъуэ Елисэхьанрэ Жамбэч Русланрэ).

Тыркуэмым и президентым тхылъ пIащэ зыбжанэ игъэхьэзырыр хущхъуэхэм, ны лъэныкъыфIхэм, мэкъумэш Iуэхухэм ятеухуау. Сыт нэхъ зыгъэгъэкIыр нэгъуэщI президентхэмэ политикэ дэжьакIуэ щIрыIуэхмрэ?

Линьков С., *Орёл*

УРЫСЕЙМ и Премьер-министрым и кьалэмпэм кьыщIэкIа: «Учимся дзюдо с Владимиров Путиным» тхылъыр. Зюганов Геннадий зэхилъхьащ «Сталин и современностэ» тхылъ щIэныгъэ-Жириновский Владимир политикэ Iуэхуэм ятриуэущ тхылъ-ищэм нэблагъэ. Лужков Юрий «кьыщIригъэдза» тхылъыпщIым яхэтщ лъагъуныгъэм хуэгъэпса, УрысеимэрэКуржымрэ кьыздэакIуа гъуэгуанэм теуха тхыгъэхэри. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ.

Хамэ кьарал унафэщIыщхъэхэм я Iэдакъэщ IэкIэм ящыщу гу зылъытапхъэщ Обамэ Барак итха, Инджылызым и литературэ гъуэгурыгъуэ щIэныгъэфэща, «Мечты моего отца» зыфIища тхылъыр. Шэч хэмылъу, тхэныр зимыжагъуэ политикэ лъжьакIуэ цIрыIуэ псоми ятекIуауэ кьэплъыгъэ зыхунщ Черчилль Уинстон. Абы «ЕтIуанэ дунейпсо зауэр» зыфIища и тхылъхьымкIэ кьыхъащ литературэмкIэ Нобелэ и премиер.

УФ-м и Президентым хьэрычэтыщIэхэр кьыхуриджат кризис лъэхъэнэр икIыухкIэ я бгырыпхъэр щIакьуэзыну, мыльку нэхъыфIу зрагъэзэхуэну, щымыкIуэдыпхъэ щамыгъэкIуэдыну. А унафэр хэт цIэрыIуэхэр ящIащIэр?

Соловьев А., *Тюмень*

ПОЛИТОЛОГцIэрыIуэ **Белковский Станислав** щыгъуаз дызэрищIамкIэ, олигарххэмрэ хэрычэтыщIэ лъэрыхьэмрэ хэщIыкIыу нэхъ мащI я ящIащ унэхэр, пэшхэр бэджэндзу ятыныр. Мы зэманым ди кьалащхьэм нэщI щыхьащI, зыми кьимыгъэх бэпу, псэупIэу е псэуалъэу метр зэбгъэзэнатIэ мелуанитI хуэдиз.

ХьэрычэтыщIэхэм, «кризисщ» жаIэурэ, ягъэмащIэ я дзжьаКIуэхэм я улахуэхэр, псапащI Iуэхуэхэр. Ялныныкъуэ бейжьэр, щхьэгъуэз зыбжанэ зиIэу щытахэр, я унагъуэ нэхъыщхьэхэм «етIысылIэжащ».

Ауэ, щапхъэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, мелардырыбжэхэм зыIэщIагъэкIырхым я уардэуэнэхэр, уней кхъуэхэр, кхъуэльытэхэр. Псалъэм папщIэ, олигархэ Исмаилов Тельман Тыркум кьыщызэIуихащ «Мардан Палас» зыфIища и уней хьэщIэщ абрагъэрэр. ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэм хэтащ щIыхуцIрыIуэу (кьулыкъущIэу) хуэд дыдэ. Нэхущыем деж фадэм кьитэжана хьэщIэхэм я нэгу зрагъэужьу щIалъащ, зыхуэдэ щымыIэ хьэрэкIытIэ лъапIейкэр уэгум ираутIыщIыжу. А дакъикъэм, дауи, мылькушхэу зыбгъэдэдхэм я гущхъэ кьэжкIакъым я «бгырыпхъэр щIакьуэзэ» зэрыхуейр.

Ди галактикэр нэгъэущI гъэрым жьэхэуэнкIэ щынагъуэ жаIэ. Ар кьэхъумэ, щэч хэмылъу, дунейр кьутэжыну кьыщIэкIынущ. Ар гуэвэгъэущхуэу кьалъытэркъэ щIэныгъэлхэм?

Петуков С., *Калининград*

ХЬЭУЭ, экIэ ущIэгуэзэн щыIэкъым, кхъхьугъэ мыщхьэпэм теухуа хьыбархэр мылъабжьэншэмэ. Пэж дыдэу, Андромедэ щыагъэсIэр ди галактикэм кьыхуэхуэ, зы медианым километрим 120-рэ и псынщIагъыу. Американ щIэныгъэлIхэм есэп кьызэращIамкIэ, галактикэ абрагъэкитIыр зэжьэхуэмэ, вагъуэ бжьыгъэншэхэр зэхэзэрыхьыныущ, мардэ гуэрми темыту кьызэрехьэкIынущ, «гъуанэ фIыщIэ» жьыуаIэхэри я Iэпэгъуэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ар кхъэхьнкIэ щыхьнур илъэ мелардих хуэдиз дэкIмэщ.

«Аргументы и факты», «Аргументы недели», «Труд» газетхэм кьахэтхащ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

● ГущIэгъуншагъэ

Хэт сабийм кIылъыплъыпхъэр?

Къэрал Думэм и депутатхэм жаIэ си сабийхэр дахэ-пажэу зыхуэмыIэ адэ-анэхэм тезыр ятелъхьэным теухуауэ хабзэщIэ кьыдэгъэкIыпхъэу. Ауэ хабзэ кьуейм игъэзэкIуэжырыну пIэрэ балигъ мыхьуахэм ящыщ куэдыр кьызэрыхута щытыкIэр?

ВОРОНЕЖ областым щыщ Павловск кьаалэм щыпсэурт ильясбгъэл хьуа Андрей щыIэкъуэр. Губэхьэт, нэжэгу жэт, фIы дыдэуи едж зрт. ЁджапIэм кьыщыкIыжьым, псыхъэмкIэ дыхьащ, мылым кIуэщIрыуэ, зыри дэмыIэпыкъуфу, псым итхъэлащ.

Сыт а мыгъуагъэ зыщIэхъэкIар? Хэт кьуанщэр? Апхуэдэ упщIэхэм я жэуапхэр кьыдгъэзыжу хабзэхьумэхэм, сабийм балигъ гуэр зэрыщымыгъу ар яфIэнгъуэджэу. Ауэ мы псыхъэр ныбжьыщIэ кьудым я зекIуапIэщ. Балигъэкэр хущIыкъэрхьым - лэжьыапIэ зиIэхэр гужьеящ, я мылъку хэкIыпIэхэр яфIэкIуэдынкIэ мэшынэ. Павловск дэт ёджапIэхэм мащIэ дыдэ щыхьащI «группы продленного дня» жьыуаIэ классхэр. Кризисщ...

Къэрал унафэщIхэм жаIэ бын зэрэзытегъуэтахэм дяпэкIэ гулыитэшхэу я жьащIыну, сертификатхэр, «анэ капитал» жьыуаIэхэр, нэгъуэщI фIыгъуэхэри яIэну. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщI, быныр кьэплъкъу кьудейкIэ зэфIэкIынукъым - къэгъэхъун, гъэшIэн, егъэджэн, гъэсэн хуейкъэ? А Iуэхуэхэм къэралыр егугъущэрэкъым. Псалъэм папщIэ, зэуэ ят пособиер зэрызыхур сом минищым нэблагъэщ. Абы кьыщIэкIынур сабий колякэм и Iыхьэ ныкъуэщI. Мазэ кьэс сабийм хуэдэ ятIыпщ ахъшэр хьэдэгъэхьэзу мащIэщ, ущIытепсэльыхьыни щымыIэу.

А псоми кьадэкIуэну, зэманым кьигъэуващ мыпхуэдэ упщIэ: «Хэт сабийм кIэльпплъынур, и адэ-анэр лэжьапIэм щыщыIэм и дежь? ПщэкIэ къэщIэфынут а кьалэныр зыстыгъэщIэфын гуэрхэр, ауэ уасэшхуэ кьыппаугъдыдынущ. Ялъэм епт хъуну. Ауэ апхэ дэ Iуэ упщIэхэр кьыщыпаща совет лъэхъэнэм. Сабий садэхэри икъуэкIэ зэпэубладащ, чэзуэхэр ин дыдэщ. ЁджапIэхэр зэкIэ щIэщ, ауэ пэщIэдзэ классхэм щIэсхэр пасэу я унэхэм яутIыпщыж. Адэ-анэхэр лэжьапIэм кьыщикIыжыр гуваущ. Апхуэдэущ зэрыпсэур ди кьэралым ис унэгуэхэм я зэхуэдитIыр.

ЩапхъэфIэхэри щыIэщ. Кьэбгъэльагъуэмэ, Краснодар крайм хьарэзынэу щоладжэ сабий садхэр. ЩIэуэ унэ кхуэд яухуэ, жьы хьуахэр зэрагъэпэщыжь, «Унагъ я сабий сад» жьыуаIэхэри щыпIэ щыпIэкIэ кьыщыIэзэуах (псом хуэмыдэу станицэхэм).

Друзь Александр. «Что? Где? Когда?» теленэтыным и магистр:

- Ижь-жьыкъ зэманхэм урысыхэр унагъуэ хъурт, я ныбжьыр илъэс 14-м щыхьэдахэмэ. Ди лъэпкъэгъуэхэр гъащIэ мащIэт. Псэун, щIэблэ кьыззэрагъэпэщын хуейтэкъэ? Iэмалыншагъэм я кьыхэкIыну, фызышэм еуфызэрэкIырт. Ди зэманми пасэу зэрыщIэхэм дащIыхэушхьдэн щыIэкъым. Я насыпщ унагъуэ хъумэ, зэгурыIуэмэ, щIемыгъуэжмэ.

Культавчук Евгений, Сексологхэм я Урысейпсо ассоциацэм и вице-президент :

- Си жагъуэщ си гугъу тщIы Iуэхуэр - пасэу ныбжьыщIэхэр зэрыкIуэ зэрыкIыхьэр. Абы фIыуэ хэльым нэхърэ зэранигъэу пыщIар куэдкIэ нэхъыбэщ. Сыт щхьэкIэ? Я ныбжьыкIэ унагъуэ хъумэ, зэгурыIуэмэ, щIемыгъуэжмэ.

Культавчук Евгений, Сексологхэм я Урысейпсо ассоциацэм и вице-президент :

- Си жагъуэщ си гугъу тщIы Iуэхуэр - пасэу ныбжьыщIэхэр зэрыкIуэ зэрыкIыхьэр. Абы фIыуэ хэльым нэхърэ зэранигъэу пыщIар куэдкIэ нэхъыбэщ. Сыт щхьэкIэ? Я ныбжьыкIэ унагъуэ хъумэ, зэгурыIуэмэ, щIемыгъуэжмэ.

Хасиев Нурэл, Урысей къэпкъэхэм я Ассамблеем и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщI:

- Ди зэманыр гугъусгъущ. НыбжьыщIэхэр еджэн, IэщIагъэ зрагъэгъуэтын, зэрыпсэуным фIыгъэ хуэхьэзыру щытын хуейщ. Си гугъэщ пасэу унагъуэхэм я нэхъыбэр мыгувэу щIегъуэжыну.

Гусаринэ Нинэ, Къэрал областым и ЗАГС-м и унафэщI:

- Хъарэныт пасэу унагъуэ ухъыщIэ, фIыуэ упсэумэ, узыхуейр бгъуэтэжу, узэгурыIуэтэмэ. Арыншамэ, пасэу зэрышэхэр пасэуи зэбгъэдокIыж. Абы узыщыгуфIыкIыпхъэ гуэрри хэльыкъым.

ДЕСЯТОВЭ Кристинэ, БАСИЛАЕ Верэ.

«Комсомольская правда».

● Зэманым и гъуджэ

Гитлер и мурад фIейр

Зыгуэрхэм зэман-зэманкIэ жаIэ мыпхуэдэ псалъэ игъуэджэхэр: «Гитлер ди къэралыр иубыдатэмэ, хьарэныгъэ дыпсэунут, бавар пивэр ди пэрыхьэту». А псалъэхэр щыхьэт тохъуэ Гитлер мурад бзаджэу иIэхэр нобэр кьыздэсым куэдым дахэ-дахэ зэрамыщIэм. Ар къэтлъытауэ, фи пащхьэ ныдолъхьэ УФ-м Хамэ къэрал IуэхуэкмкIэ и Къэрал Комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Квицинский Юрий игъэхьэзыра мы тхыгъэр, «Северный Кавказ» газетым и 25-нэ номерым кьытхащ.

«МАЙН КАМПФ» («Си зауэр») зыфIища и тхылъым Гитлер Адольф щитхат мыпхуэдэу: «Европэм и щIыналъэ нэхъыбфIэхэр кьыщыгъэзыжыну Урысейщ. А кьэралыгъуэшхуэм и кIуэдыжьгъуэр кьэсауэ плъытэ хъунущ. ЗыгъэкIуэдыныр дэращ. А щIыналъэ иным (Совет Союзым) щIэныгъэ щыбгъэпсэу щIэхъуну щыIэр зы щхьэусыгъуэ закъуэу - ди зыужьыныгъэм сэбэн кьыхуэхъунэщ...»

1941 гъэм гъэтхэпэм и 3-м, «Барбаросс планым» тепсэлъыхьуэр, Гитлер и блыгуащIэтхэм яхуиIуэтат, Совет Союзыр иубыда нэужь, Германиеми кьыIорыхуа щIыналъэ абрагъуэр ныхьэ-Iыхьэу игъэшыну зэрыфIэзахуэр. Псалъэм папщIэ, Гитлер хуейт мыпхуэдэ щIыпIэхэр кьызэригъэпэщыну: Великороссие, Белоруссие, Украинэ, Дон область, Кавказ область, Азие Курыт. А щIыпIэхэм щызэхэкIытапхъэт къэрал органхэр, щыгъэкIуэдыпхъэт заводхэр, фабрикэхэр, абыхэм я мылъку нэхъыщхьэхэр Германием игъэIэпхьуэрэр.

Фашистхэр Совет Союзым кьыщытеуам нэмыщIэдзэхэм я кьалэн ткIийхэм ящыщт ди къэралыгъуэр хьэбэсабэу зэтекъутэныр, абы и политикэ унафэщIхэр (комиссархэр) зэтеуцIэнхэр. НэгъэщIу жьпIэмэ, «большевизмэм дорбэн» жаIэурэ, ди къэралым ис лъэпкъхъэр зэкъуаудыныр, абыхэм я цIыху пэрытхэр гъэкIуэдыныр.

Германием и экономикэ хэмкIэ къулейхэр. ЩIыпIэ пхьидзахэм щрепсэу урысхэр. А Iыхьэхэм я ныбжьыкIэ Сабийхэр щитхум нэс бжэфмэ, куэдыщэщ - абдежым кьыщызэтеувыIапхъэщ я егъэджэныгъэр...»

СССР-м тепщэ щыхьэ нэужь нэмыщIэхэм ягъэхъэнэ ягугъахэр, экономикэ, социальнэ мураду яIахэр Iупщ Iу кьыщыгъэлъэгъуащ «Нэмыц гъэжьыгъэ фронткIэ» зэджэ институтым зэхилъхьа тхылъ щэхум, 1941 гъэм щэхIуэгъуэм и 17-м ягъэхьэзырам. А тхылъым кьыдэзыхьащIмкIэ, Урысейм иIэн хуейтэкъым промышленнэ предприятэ лъэщхэр (псалъэм папщIэ, кхъуэльытэ, мафIэгу, кхъуэ щагъэхьэзырхэр). Сыбыныр, Ищхъэрэ щIыпIэ пхыдзахэр къэгъэсэбэнпхъэт... пхъанкIий идзыпIэу.

Ди къэралыр убыдыным, зэтекъутэным, щIыхуэхэр пщыIыпIэм игъэувэным пыщIа программэщ щIыхуэхьэсат «Ост» («КъуэкIыпIэ») зыфIища дэфтэр. Ар нобэр кьыздэсым ягъуэтыжыркъым, ауэ зэрыщыIам, зыхуэдам щыхьэт техъуэ тхыгъэхэр мымащIэу хэлъщ зи щэхуэхэр кьызэIуахуа архивхэм. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, Гитлер нэхъыбэу зыхуищIэкъуар «дыззэрифгъэпсэн» Iэхуэхэркъым, атIэ ди лъэр зэрыщIидыныщ, ди мылъкур зэрытIэщIихыныщ, ди гъащIэми дызэрыпгъэкIынырщ.

● Уней лъапсэ

Хьэлэмэтыр хадэм итщ

Бынибгъум я адэ-анэ Чистяковхэ Вениаминрэ Елизаветэрэ фIыуэ кьыщащIыху Кубань щIыналъэм щыIэ Первореченскэ къуажэм. Абыхэм я уней хадэм я кьыщагъэкIжыг зыщIэ зэужьыгъуэу куэд дыдэ: китай финикэр, гранатхэр, киви, хъурмэ, гуми, актинидиде жьыуаIэхэр, мэракIуэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ.

Илъэс 15-кIэ уэ ЗыIэбжьIыкъ мэщIыуэ яIар соткитI къудейт. Кьыхагъахьуэурэ, я хадэр гектар ныкъуэм нагъсащ. Абы щаIэщ уэд гъэтхаухоуэ пхъэщхьэмыщхьэр, хадэхэкIэ (псом хуэмыдэу нащэр, бдзрэжаныр, кIэртIофыр).

Вениамин дэз кьулыкъур щрихьэкIащ КъуэкIыпIэ Жьжьым. А щIыпIэм кьрищри, и хадэм щыхисат жьыгъуэ щIыкIэ зыкъом. Я нэхъыбэр щIым хъарынэу хэкIащ, мыгувэуи пхъэщхьэмыщхьэ кьапыкIащ, кьудамэ мынкъэр якьутэнкIэ щынагъуэу.

Ауэрэ екIуэкIыуэр, хадэм ит къэкIыгъэр бзгъащ, унагъэущхуэр кьуэпсэукIи ныдуэ. Пкальэм папщIэ, гранат жьгым пхъэщхьэмыщхьэу кьыпокIэ 40 хуэдиз, дэтхэнэ зыри пIащэу, Iэфl дыдэу. Хъурмэ жьгым кьыпокI пэгунищ-плIы хуэдиз. Банан жьгъэри хьерыншэкъым, кьапыкIэр ин дыдэ мыхьуми.

И Iэщ Iагъэкъэ Вениамин электромеханикщ, ауэ гупсэ псэкIэ нэхъ дэзыхьэхыр къэкIыгъэхэм елэжьыныр щ. Ар кьилъытэри, райцентрым и ящыр хадэм и унафэщIу Iэпхъуауэ, жьгIэжьыгъуэу зыкъомэ зыхуэдэ щымыIэ уэд гъэтхэхэри Iэк Iуэлъакъуэу зэрехьэ.

Чистяковхэ я унагъуэм щагъашхэ жэм зыбжанэ, джэдкъэ гупышхуэ, тхъэкIуэмэкIыхьхэр. Абыхэм якIэльопль сабийхэр. Уебгъэмэн ин дыдэу зыгъэгъуэфIэкIа щIыкIуэри сэбэн мэхьу удэ дахэхэм псы щIэкIэныМкIэ, тхъэкIуэмэкIыхьхэр гъэшхэныМкIэ.

- Ди унагъуэм ис дэтхэнэри лэжьыгъэм хуэхъэзырщ,-жеIэ Елизаветэ.- Псори жьыджэщ, гуащIафIэщ, Iэк Iуэлъакъуэщ. АбыкIэ фIыщIэ нэхъ зыужьэсщIыр си щхьэгъэсурэщ. Ар ящыщщкъым фадэм дихьэхэм. Нэмыс зыхэлъ, илъжьыр зыфIэмащIэ щIыху хъэзмэщ.

Апхуэдэщ езы Елизавети. Адэ-анэм я щапхъэр дерс гъуэгуэдж яхуохъу я бынхэми. Мы зыри щIыдгъжьынщ. Чистяковхэ зэкIэ къатехьэлъэрыкъым дуней псор зыгъэпIейтей окономикэ кризисыр.

КОВАЛЕВСКЭ Екатерин.

«Российская газета».

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

● УкраинэIэ

Яценюк Арсений зи чэзу хэхьныгъэхэм щогуфIэ

Украинэм и Парламентым и Iэтащхьэу щыта, «ЗэхьуэкIыныгъэхэм я фронт» зэщIэхъеенагъэм и пашэ Яценюк Арсений и мурадщ къэралым щекIуэкIыну президент хэхьныгъэхэм кандидату хьхьэну. Апхуэдэ хуитныныгъэри зыIэригъэхьакIэщ.

Яценюк Арсений и ныбжькIэ щIалэщ - илъэс 35 хьуа къудейм, Ауэ къудыкъу дыдэ гъэхэм пэрытыр зыкъом щIауэ кьогъуэгурыкIуэри (ар лэжьащ Радэ Нэхъыщхьэм и унафэщIу, хамэ къэралI IуэхуэмкIэ министру), мэгугъ и мурадхэр зригъэхьэлIэфыну.

- Сэ хэхьныгъэщIэм сыхэтыну къудейкъым, си ныкъуэкъуэгъуэм сащытекIуэнущ! - жеIэ абы.

«Эхо планеты» журналым кьытхащ.

● Зи щхьэ зэтемысхэр

Лъэхъэнэщ Iэм и мыгъуагъэщ Iэ

Iэщ IагъэлIхэм кьызэрылытэмкIэ, нужьрей илъэс 15-м кьриубыдэу зи щхьэ зэтемысхэм (эн гугъу тщIыр псантхэу уэ зиIэхэри, тэмакъкIэщI, кьэгъужьырей дыдэхэщ) я бжыгъэр хэхьуащ процент 38-кIэ. ЛъэхъэнэщIэм и мыгъуагъэщIэм и щапхъэхэр гъунэжщ.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, Калининград кьаалэм щыпсэу Iыхьэ щыIэхьыкI - щыIэщIэуKIащ дэ гъэгъа щыпIызыныну х эта щалэщIэр. Нижний Тагил кьаалэм кьыщыхьуащ мы Iуэху игъуэджэр. ПщIантIэм кьакъэ-пщIыпщIу дэт сабийхэм я Iэу эпъауэр игу темыхуэу, пенсэ зрат лIыжьыр абыхэм яхэуащ фочкIэ, илъэсих фIэкIа зи нIыжьыр мыхьуа щалэ щIыкIуэр уIэгъэ хьэлъэ ищIащ. Москва щыщ щалэжьыр, «Центр Дикуля» жьыуаIэ клиникэм и лэжьакIуэ бзылъхугъэхэм ящыщ зым Iэдакъэсэкlэ епыджащ, мытэмэжу кьеIэзэу кьыдфIыщIри.

Апхуэдэ кхъхугъэхэр куэдрэ кьытхуаIуатэ газетхэм, радиом, телевиденэм. Психиатрхэм зэрыкIэмкIэ, зи гугъу фхуэтщI мыгъуагъэм и щхьэусыгъуэ я нэхьыщхьэр ди кьэралым ис цIыхухэм я процент 70-м нэблагъэр я псэукIэкIэ зыхуей зэрыхуэмызэгъ, гугъуэхэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэх-щIэхьыгъэ зэрагъэпIейтейщ, нэхьыщIэкIращи, а г угъуеихэм кьадэкIу эу, цIыху мыуэзышIэхэм, зи щхьэ зэтемысхэм загъэхъужьыну зэрамыдэрщ, лажьи хьати ямыIэу кьалъытэу.

- Психиатрым и деж дыщIэкIуэм щхьэусыгъуэ лъэпкъ щыIэхьыкI - жаIэ абыхэм ящыщ куэдым, псантхэу я зиIэхэр кьанэ щымыIэу щIэпхъаджащIэу, зэранщIакIуэу, уеблэмэ лIыукIыу я гугъэу. Хьэ уэ, Iуэр ди зэрыщытыр нэгъэущIуэ. Си щхьэ зэтемысхэм яхэтщ цIыху сабырхэри, укIытэхэри, кьайгъэнэщхэри. Ах эри психиатрым зыщыщызыдзейхэм ящыщщ.

Иджыблагъэ ди къэралым и щыIэ зыбжанэм щрагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм кьызэрагъэгъуамкIэ, поликлиникэхэм, сымаджэщхэм зыщызыгъэхьужхэм я процент 50-м щIигъум япкырытщ псантхуэ уэзыфэхэр. Ауэ дохутырхэм дахэ-дахэу яубзыхуфыр абыхэм я процентитху кьудейщ. Сыт абы кьикIыр? Ди жагъуэ зэрыхъунщи, си щхьэ зэтемысхэр сэтей къэщIынымрэ, гъэхъужыным ди дохутырхэр тэмэму елэжьыркъым, зэрелэжьыщIэнымрэ Iэзагъы ябгъэдэлъкъым.

Хабзэу зэрыщытщи, гугъуэхэ зэмылIэужьыгъуэхэр зытекъэлъэ щIыхуэхэм куэду кьахокI зызыукIыжкхэр. Апхуэдэхэр Урысейм хуэдитIкIэ щынэхъыбэщ (ику ину кьапщтэмэ) нэгъэущI кьэралхэм нэхьрэ. ЩытыкIэр нэхьри хьэлъэ ещI экономикэ сыгъуэ лъэпкъ щыIэхьыкI. Зэрыкъуэм мэхъу ди псэукIэм хэль ныкъуасаныгъэхэр: цIыхуэхэр ямылеIуэ з эщхьэщокI я мылькукIэ, лэжьыгъэкIэ, хьэл-цэнхэмкIэ. ЩIыхуэхэр кIуэ пэгни нэхъ зэпэIэщIэ мэхту, зэхуэдэджщ, шыи адрейр и бийуэ кьелыгтэ. Медицинэ ЩIэныгъэхэ эмкIэ Урысей Академиеми я лэжьыгъуэхэу Журавлевэ Иринэ, Пономкий Борис, Вельтищев Дмитрий, нэгъэущIхэми ябзыщIыркъым ди жылагъуэм и къэкIуэнур хъарзынэ хъункIэ гугъапIэ щIагъуэ зэрыщымыIэр, цIыхухэм я нэмыс, гулъытэ, гущIэгъуэ зэрахэмылIэжыр, я псори гъэзэжьуэжьным зэман куэд дыдэ зэрытекIуэднур.

МАРГИЕВЭ Наталье,

«Известия».

● КIэщI дыдэу

Ищэ щIынальэм щыхъыбархэр

♦Гъэ кIуам Ставрополь крайм гъэвэшхуэ (гуэдзу тонн мелуаниIэ мин щихрэ) кьыщрахьэлIащ. Мы гъэми мы щIыпIэм хьэщэпэщэр щыбзэгъащ: зы гектарым хуэзэу, ику иту кьапщтэмэ, центнер 40-м нэблагъэ кьытыну Iэщ Iагъэлъэ Iхэм хуагъэфащэ (крайм и гъавэ щапIэкэр гектар мелуанитIрэ мини 300-рэ мэхъу).

♦Дон Iуфэ Iус Ростов къалэм кьыщызэрагъэпсыхьащ псапащIэ фонд, «Сабий зеинщэ» и фIэщыгъэу. Фондым мылъкуэ I0Iэпыкъу жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, цIыху кьызэрыгуэкIэхэр. Ауэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэр фондым и унафэщI Тимченкэ Верэ и жэрдэмкIэ щIэх-щIэхьыгъэ ирагъэкIуэкI псапащIэ зэхуэсхэрщ, концертхэрщ, зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэрщ.

♦Кисловодск къалэм и администрацэм и Iэтащхьэу щыта Бирюков Виталий, кьэрал мылъкур хьилагъэкIэ зыIэщIилъхьауэ къыщIагъэщри, и къулыкъум трагъэкIащ, суд пащхьэм жэуап щихьыныи къыпоплъэ. Иджыблагъэ мы къалэм щекIуэкIа хэхьныгъэхэм щытекIуащ «Зыуэ щIэт Урысей» партым хэт Луценкэ Наталье.

♦Сочэ дяпэкIэ щылэжьэнущ студент ухуакIуэ гупхэр. Ахэр щыджэру хэтынущ Олимпиадэр гъахьэзырыным, стадионхэр, спорт удрадэунэхэр, зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIыну гъуэгуанэ нэхъыщхьэхэр зыхуэ я хуэгъэзэнымрэ.

♦Бесльэн къалэм икIри Хорватие Республикэм зыгъэпсэухуакIуэ кIуащ сабий 80. Илъэс зыбжанэ хуэауэ мы Iуэхум хоIыбфIыхь Загреб къалэм и унафэщI Бандич Милан. Абы и фIыгъэкIэ Осетие Ищхъэрэм и сабийхэм хъарзынэу я нэгу зыщIагъэужь Адриатикэ тенджызым и Iуфэхэм.

«Северный Кавказ».

● Украинэ

Яценюк Арсений зи чэзу хэхьныгъэхэм щогуфIэ

Украинэм и Парламентым и Iэтащхьэу щыта, «ЗэхьуэкIыныгъэхэм я фронт» зэщIэхъеенагъэм и пашэ Яценюк Арсений и мурадщ къэралым щекIуэкIыну президент хэхьныгъэхэм кандидату хьхьэну. Апхуэдэ хуитныныгъэри зыIэригъэхьакIэщ.

Яценюк Арсений и ныбжькIэ щIалэщ - илъэс 35 хьуа къудейм, Ауэ къулыкъу дыдэ гъэхэм пэрытыр зыкъом щIауэ кьогъуэгурыкIуэри (ар лэжьащ Радэ Нэхъыщхьэм и унафэщIу, хамэ къэралI IуэхуэмкIэ министру), мэгугъ и мурадхэр зригъэхьэлIэфыну.

- Сэ хэхьныгъэщIэм сыхэтыну къудейкъым, си ныкъуэкъуэгъуэм сащытекIуэнущ! - жеIэ абы.

«Эхо планеты» журналым кьытхащ.

Щикъухьащ адыгэр дунежьым

Тэгъулан Екъуб Къайсэр къретыкI

ГуащIлъапIэрэ абы и нысэмрэ

• Хабзэ

СЫМАДЖЭщЫМ щIэлъ си ныбжьэгъу гъуэрым сыщIэупщIауэ сыкъыщыкIуэжым, зыр нэхъ щIалэу адрейр нэхъ хжIуэтауэ щIыхубзитI автобус къэувыIэпIэм сащрихьэпIащ. ТIэкIуи сабIэжауэ, мыхэр сыту адыгэм ещхь жысIэри, къэзгъэзэжащ.

- Фыадыгэу си гугъащ, фыздэкIуэнум фынэзгъэсыжьынщ, - жысIэри си машинэм кIизгъэтIысхьащ.

Тыркум щыпсэу адыгэр зэ я тепIэжIи я псэлъэкIэкIи зыщыщ лъэпкыр псынщIэу кIыбощIэф. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, сызэрыщIыкIу Iыандэрэ седжэмкI сылажьэми а щIынальэм и сыт хуэдэ кIалэм сыщымыIами, си псалъэкIэмкIэ сызэрыадыр эр тыркуэм занщIэ у кIащIэрт.

Си машинэм кIизгъэтIысхьаэр зэрыхуэзгъэфэщауэ адыгэу кIыщIэкIащ. Зэгуащ-зэныбжэ цIыхубзитIым нэхъыжьыр кIэпсэлъащ: «Сыту фIыуэ дыпхуэзат уэ адыгэ щIалэм. Ткъэм уигъэпсэ у, тIасэ?»

- Сыщымыуэмэ, фэ сымаджэщым фыкIокIыж. Тхъэм фигъэIуэтэж. Хэт сымаджюр? - сыщIэупщIащ сэ, закъеэзгъэщIыхуа иужь.

- Уисэу, си щIалэ, сэращ зиу кIыдэмыжыр, си цIэр ГуащIлъапIэщ, мы бзылъхугъэ цIыкIуР си нысэщ, - жиIащ IэлъщI хужьыбзэ зытетI нанэ лъагъуГуафIэм.

Хуэрэ дыхуэрэуруэ, я унэм нэзгъэсыжыху, я гъащIэр кIыхьэрекIуэкIар, иджыпсту я псэуклIэр кIыхуиIуэтащ нанэ Iущым. ГуащIлъапIэ зы кIуэ закъуэт кIыщIэхъуар. Зэщхьэгъусэхэм я бын закъуэм кIрагъэша нэужь, куэд дэмыкIыу я щIалэр дунейм екIыжри, зы хьыджабэ щIыкIу зыгъуэта я нысащIэр фызабэу кьэнат. НысащIэм сыт хуэдиз лIыхьу иIами, нэгъуащI бын зимыIэ и гуащэмрэ и пщыкIымрэ (тхъэмадэмрэ) я закъуэу кIыхуэгъэнакъым. Абыхэм якIэлъыплъу, ахэр зыхуэй хуигъазэу ябгъэдэсщ. Мис ноби и гуащэр дохутырым кIыщау э арат.

Ар куэдым кIыпхуэщIэнукъым, ауэ адыгэ хабзэм щIалIыкIа, нэмысыр щытепщэ жьэгу пащхьэм кIыщIыхьуа бзылъхугъэм ар къалэну зэрыщытыр зыхещIэри, абы пхуебэкъуэнукъым. ЖЭКЪУЖЬМ кIиIэпхъукIыу Тырку щIынальэр IупсэуплI зыхуэхьуа адыгэхэр, мылькукIэ хуэщIа дыдэу щымытхэми, зыми я щхьэ хуамыгъэщхьэу, ящIэн-ящхьи яIэу, я хабзэ дахэр я Iэпэгъуу зыухэс лъэпкым я дежь пщIэрэ щIыхьрэ щIалэу кьоклуэжI.

